

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Karya sastra lahir tina kaayaan sosial masarakat jeung kréativitas pangarangna. Ngaliwatan karya sastra, pangarang ogé bisa nepikeun ma'na jeung ajén kahirupan. Ku kituna, karya sastra minangka eunteung tina kahirupan masarakat. Ieu hal saluyu jeung nu ditepikeun ku Kurniawan (2015, kc.3), yén karya sastra téh mangrupa produk budaya. Ku kituna, salian ti ngagambarkeun ideu jeung pamikiran panulis, sastra ogé ngagambarkeun sistem sosial jeung budaya di tempat panulisna hirup. Sajaba ti éta, sastra mangrupa hiji karya seni fiktif tur kréatif nu dijieun ku manusa ngaliwatan prosés mikir. Ieu hal luyu jeung pamadegan Wellek & Warren (2014, kc. 3), yén sastra mangrupa hiji kagiatan kréatif dina karya seni.

Prosa, puisi, jeung drama mangrupa wujud karya sastra Sunda. Upama ditilik tina kuantitasna, karya sastra drama dianggap teu loba produkna saperti karya sastra séjénna, upamana waé dibandingkeun jeung carpon ogé novél. Naskah drama mangrupa élémén anu paling penting dina pagelaran. Pikeun ngeuyeuban naskah drama anu saeutik, pangarang nulis karyana tina kajadian sarta kaayaan anu keur karandapan di sabudeureun masarakat. Bisa ogé tina anu karampa tur katingali ku pangarangna sorangan.

Téma-téma sabudeureun masalah sosial réa diangkat dina karya sastra pikeun dijieun kritik. Éta hal miboga udagan sangkan pamaca boga sawangan anu bener tina karya nu dibacana. Karya sastra méré pangaruh gedé kana kasadaran pamaca ngeunaan bebeneran kahirupan, pangarang, katut karyana. Salasahijina nyaéta drama téh boga peran jadi panggeuing jeung pangéling keur masarakatna. Karya sastra drama gé méré luang malah mandar jadi piwulang keur masarakat dina ngalakonan kahirupanna. Hartina, drama hususna nu ngandung ajén kritik kana masalah sosial mangrupa élémén anu penting keur kahirupan masarakat. Conto konkritna dina naskah drama loba nepikeun kritik sosial keur pamaréntah dina ayana kasus pengusuran pelanggaran hukum nu hususna aya di sabudeureun kota Bandung.

Obyék dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama *Tamu Agung* karya Hawwa Thiffal, salasaurang pangarang Sunda ngora nu aktif nulis. Sawatara karyana geus medal dina widang sastra, tapi anu jadi fokusna dina widang naskah drama. *Tamu Agung* salasahiji naskah drama karya Hawwa Thiffal anu nyaritakeun ngeunaan masalah anu réa kajadian jeung tangtuna waé jadi hal anu biasa di kalangan masarakat urang.

Caritana mangrupa kritik kahirupan anu ku panulis ditepikeun sacara satir. Dina carita anu teu pati komplék, hal substansialna sacara teu langsung katepikeun pikeun gambaran kahirupan anu kudu dilenyepan. Nyaritakeun kaayaan masarakat nu can siap narima kamekaran téhnologi. Antukna réa masalah nyampak di kahirupan masarakatna. Masalah kahirupan masarakat nu nyampak tina can siapna masarakat nyanghareupan téhnologi 4.0 di antarana, ayana fitnah lantaran iber datangna tamu agung nu teu bener, kasieunan warga jadi kaleuleuwihi ogé jeung hal liana.

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta dilaksanakeun ku Purnomo (2015), nu medar ngeunaan kritik sosial dina naskah drama *RT 0 RW 0* karya Iwan Simatupang nu ngagunakeun ulikan sosiologi sastra jeung impleméntasi bahan ajar siswa SMA. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén kritik sosial nu aya dina naskah drama *RT 0 RW 0* karya Iwan Simatupang kabagi jadi lima, nyaéta kritik sosial kana masalah moral jeung étika, ékonomi, logika jeung nalar, hédonisme, sarta pangaweruh. Lian ti éta, aya ogé panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Kiptiyah (2015), ngeunaan carpon *Perempuan Pala* karya Azhari ngagunakeun ulikan mimétik. Dina éta panalungtikan nétélakeun yén aya opat jenis aspék sosial dina carpon *Perempuan Pala* karya Azhari nyaéta konflik penderitaan masarakat Aceh jaman Walanda, konflik masarakat Aceh, kamerdikaan masarakat Aceh jeung perdamaian masarakat Aceh. Dina ieu panalungtikan dipedar ulikan mimétik jeung sosiologi sastra dumasar kana tiori Abrams, nu nétélakeun yén nalungtik karya sastra sakurangna aya opat pamarekan, nyaéta ekspresif, pragmatik, mimetik, jeung objéktif. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan mimetik nyaéta karya sastra minangka gambaran kahirupan masarakat sosial.

Kritik sosial salasahiji kasus sosiologi sastra nu bisa dijadikeun objék panalungtikan. Aya sababaraha panalungtikan dina wangun skripsi anu nalungtik

ngeunaan kritik sosial atawa ulikan sosiologi sastra. Sawatara contona aya skripsi meunang Pepy Sri Anjasari (2015) anu judulna “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung Karya Usep Romli H.M. Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP*” jeung aya ogé panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Agung Aprian (2019) ngeunaan “Naskah Drama *Tarung Karya Nazarudin Azhar (Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra)*”.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Pepy Sri Anjasari (2015) nyaéta sarua medar ngeunaan kritik sosial. Bébédan ieu panalungtikan jeung panalungtikan-panalungtikan saacanna nyaéta tina pamarekan jeung objék anu ditalungtikna. Panalungtikan meunang Pepy Sri Anjasari (2015) nyaéta objékna Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung Karya Usep Romli H.M pikeun bahan ajar maca di SMP*, jeung panalungtikan anu digarap ku Agung Aprian (2019) anu objékna Naskah Drama *Tarung Karya Nazarudin Azhar*.

Kukituna, ieu panalungtikan baris ngulik kritik sosial nu aya dina naskah drama *Tamu Agung* karya Hawwa Thiffal ngagunakeun pamarekan structural jeung kritik sosial. Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kritik sosial naskah drama *Tamu Agung* karya Hawwa Thiffal. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan pangaruh karya sastra dina sosial, politik jeung budaya nu aya di masarakat, sabab pangarang nyieun hiji karya teu leupas tina kaayaan nu aya di sabudeureun masarakatna. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalawan judul “Kritik Sosial dina Naskah Drama *Tamu Agung* karya Hawwa Thiffal (Ulikan Aspék Struktural)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang saméméhna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah tanya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita) nu aya dina naskah drama *Tamu Agung* karya Hawwa Thiffal?
- 2) Kumaha struktur formal anu aya dina naskah drama *Tamu Agung* karya Hawwa Thiffal?
- 3) Kritik sosial naon waé anu nyampak dina naskah drama *Tamu Agung* karya Hawwa Thiffal?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan sacara husus miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis aspék:

- 1) Struktur carita (téma, *fakta* carita, jeung sarana carita) nu aya dina naskah drama *Tamu Agung*;
- 2) Struktur formal dina naskah drama *Tamu Agung*; jeung
- 3) Kritik sosial anu nyampak dina naskah drama *Tamu Agung*.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar rumusan masalah di luhur, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh kritik sosial anu nyampak dina naskah drama “Tamu Agung” karya Hawwa Thiffal

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan sacara husus miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis aspék:

- 1) Struktur carita (téma, *fakta* carita, jeung sarana carita) nu aya dina naskah drama *Tamu Agung*;
- 2) Struktur formal dina naskah drama *Tamu Agung*; jeung
- 3) Kritik sosial anu nyampak dina naskah drama *Tamu Agung*.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan sastra Sunda, utamana naskah drama *Tamu Agung* karangan Hawwa Thiffal, ogé bisa ngeuyeuban jeung ngalegaan panalungtikan ngeunaan basa Sunda katut bisa ngaronjatkeun minat baca masarakat sangkan bisa terus ngaapresiasi karya sastra leuwih gemet deui.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi informasi ngeunaan masalah jeung kritik sosial nu nyampak dina naskah drama *Tamu Agung*.

### 1.5 Raraga Mikir

Dina raraga tulisan baris dipedar ngeunaan struktur sistematika nulis skripsi, anapon diantarana:

Bab I Bubuka. Dina ieu bab ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung tujuan husus dina panalungtikan, mangpaat panalungtikan boh téoritis boh praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab anu diguar nyaéta ngeunaan naskah drama, tiori strukturalisme jeung tiori sosiologi sastra. Tiori nu digunakeun pikeun nganalisis luyu jeung kabutuhan sarta bisa ngadéskripsikeun dina hasil panalungtikan. Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patalékan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab medar ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar hasil nu kapanggih dina panalungtikan, kalawan ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditangtukeun. Ieu pedaran hasil panalungtikan luyu jeung tujuan panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rekomendasi. Dina ieu bab medar ngeunaan kacindekan panalungtikan luyu jeung rumusan masalah. Implikasi jeung rékomendasi méré saran pikeun panalungtikan saterusna sangkan leuwih mundel, écés pikeun kamekaran élmu pangaweruh, utamana élmu sosiologi sastra tina sudut sosialna.